



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU NORWICH NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A

Nèf pwojè revitalizasyon anba lavil amelyore opòtinite biznis ak lojman; amelyore peyizaj lari ki fasilite pyeton ak espas piblik; epi elaji enstalasyon atistik ak kiltirèl yo

Detay sou Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nèf pwojè transfòmasyonèl nan Vil Norwich nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Prim yo pral eksplwate resous rich istorik, kiltirèl ak natirèl kominote a, pou atire rezidan ak vizitè yo nan anba lavil la.

"Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ede lokalite yo fè investisman estratejik ki pèmèt kominote atravè Eta New York yo fleri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo pral ede transfòme zòn anba lavil Norwich la epi amelyore lavi chak jou pou moun k ap viv, travay ak fè makèt la. Li pral bay Norwich tou demaraj li bezwen pou kreye travay ak plis estimile ekonomi lokal la."

Vil Norwich se pi gwo sant popilasyon nan Konte Chenango ak yon sant pou komès, edikasyon, sèvis ak touris. Revitalizasyon Norwich la konsantre sou re-itilizasyon adaptif bilding istorik yo, amelyore domèn piblik la, espas pak yo ak atistik, pwomouvwa koneksyon ak atire vwayajè yo pou yo viv ak touris yo pou yo vizite anba lavil la.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi an epi kreye plis opòtinite nan Rejyon Southern Tier a. Se Depatman Eta k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi k ap finanse atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou - amelyore opòtinite biznis ak lojman nan redevlope ak re-itilize bilding ki egziste deja yo; amelyore peyizaj lari ki fasilite pyeton ak espas piblik yo; ak elaji enstalasyon atistik ak kiltirèl yo. Investisman 9.7

milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive siplemantè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

Amelyore opòtinite pou biznis ak lojman nan redevlope ak re-italize bilding ki deja egziste yo

Kreye otèl boutik Norwich anba lavil la - Prim DRI: 3,360,000 dola

Kreye yon nouvo otèl boutik ki pral pote apeprè 45 chanm otèl ki gen kalite siperyè nan kè anba lavil Norwich la. Otèl la pral genyen tou yon sal evènman ak yon kafe.

Reyabilitasyon Bilding Ungentine lan - Prim DRI: 3,006,000 dola

Redevlope plis pase 10,000 pye kare nouvo espas komèsyal ak apeprè de douzèn nouvo apatman pou aktive yon bilding istorik ki vid depi lontan.

Reyabilite Bilding Eritaj la - Prim DRI: 292,000 dola

Aktive Bilding Eritaj istorik la ak yon mache alimantè ki an sante ak yon brasri lokal.

Reyabilite 15-19 Lackawanna Avenue - Prim DRI: 140,000 dola

Enstale amelyorasyon fasad ak renovasyon enteryè pou kreye apatman ak espas pou vann an detay nan kèk nan pi ansyen bilding Norwich yo.

Etabli fon sibvansyon pou ti pwojè pou Anba Lavil Norwich la - Prim DRI: 600,000 dola

Kreye yon fon sibvansyon kontrepati pou ede pwopriyetè pwopriyete yo amelyore bilding yo oswa anbeli domèn piblik la.

Amelyore Peyizaj lari ki fasilite pyeton ak espas piblik

Amelyore peyizaj lari American Avenue an - Prim DRI: 470,000 dola

Kreye yon American Avenue ki pi an sekirite ak pi akeyan ak pi bon ekleraj, plis ekipman ak yon nouvo aparans ak sansasyon.

Amelyore Pak Lès, Lwès ak Pak Bibliyotèk yo- Prim DRI: 1,097,000 dola

Amelyore twa pak santral Norwich yo pou elaji pwogramasyon yo epi sipòte plis evènman.

Devlope Opòtinite Atistik ak Kiltirèl

Amelyore Teyat Martin Kappel nan Konsèy Atistik Chenango a - Prim DRI: 570,000 dola

Amelyore syèz, ekleraj ak ekipman odyo-vizyèl nan Teyat Martin Kappel la pou yon pi bon eksperyans konplè.

Amelyore Teyat Colonia - Prim DRI: 165,000 dola

Amelyore Teyat Colonia a ak nouvo chèz amelyore, yon ogmantasyon dijital nan chapit istorik la ak plis opsyon amizman pou fanmi an.

Sekretè Deta nan New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a ranfòse efò Vil Norwich pou transfòme sant vil li a an yon sant aktivite dinamik pandan l ap kontinye mete aksan sou karaktè istorik chaman li a. Pwojè yo reyabilite Bilding Unguentine lan pou li vin yon espas komèsyal ak rezidansyèl ki nesèsè anpil; kreye yon nouvo otèl boutik nan kè anba lavil Norwich, amelyore ekleraj ak syèz Teyat Martin Kappel ak Colonia yo, epi amelyore Pak Lès, Wès ak Pak Bibliyotèk Vil la. Envestisman sa yo pral kontribye pou atire rezidan yo ak vizitè yo nan premye destinasyon sa a nan Rejyon York Santral la ak nan tout Eta a. Felisitasyon pou rezidan Norwich yo, epi mwen pa ka tann pou mwen wè siksè pwojè sa a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Vil Southern Tier sa a se deja yon sant nan Konte Chenango, men amelyorasyon sa yo nan pak vil yo, lari yo ak lokal atistik yo pral fè Norwich vin pi atiran pou rezidan yo ansanm ak touris yo. Soti nan yon nouvo otèl ak yon bilding istorik ki tounen yon brasri rive nan amelyorasyon teyat yo, DRI a ap invest nan yon kote moun vle travay, jwe ak rete."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pwouve li se yon estrateji ki pote siksè pou transfòme sant vil nou yo an kominote k ap pwospere kote moun vle viv ak travay. Nèf prim yo jodi a pou Norwich pral bay plis opsyon lojman ak bon kalite ekipman pou atire rezidan yo nan anba lavil la, pandan y ap amelyore tou eksperyans vizitè a pou endistri kiltirèl ak atistik k ap devlope nan vil la."

Senatè Eta a, Fred Akshar, te deklare, "Kominote Norwich la ap tann atansyon depi lontan nan men Albany epi fon revitalizasyon sa yo pral ede bay yon nouvo lavi ak opòtinite nan kominote nou an."

Manm Asanble Joseph Angelino te deklare, "Mwen kontan wè envèstisman solid ak konplè ke yo te enjekte nan kominote Norwich la ki pral amelyore kalite lavi rezidan nou yo ak ranfòse enterè kiltirèl nou an. Fasilite sikilasyon pyeton nan zòn anba lavil nou an ak bay aksè lokal ak lojman se yon sitiyasyon gányan gányan pou ti biznis nou yo, rezidan nou yo, ak tout ekonomi touris la pandan n ap travay pou konstwi rejyon Southern Tier eta nou an. Antanke yon rezidan Norwich pou lavi, mwen remèsye moun ki gen enterè sa yo ki te defann anpil pou prim sa yo e mwen kontan wè pwojè sa yo reyalize."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak

Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)